

# TOUAZIÈM PATI

## Lavi nan Kris-la

---

### PRÉMIÉ SÉKSION

## Vokasion moun-nan : lavi nan Éspri-a

---

### PRÉMIÉ CHAPIT

## Dignité moun-nan kòm moun

---

### ATIK 4

## *Moralité aksion moun-nan*

1749 Libèté-a fè moun-nan tounin yon sijè moral. Lè moun-nan aji yon fason délibéré, sé kòm si nou t-a di, li vîn tounin *papa aksion-l yo*. Aksion moun-nan kòm moun, sètadi, sa li chouazi yon fason lib apré jijman konsians-la, yo kapab kalifié yo moralman. Soua yo bon soua yo mové.

1732

### **I. Sous moralité-a**

1750 Moralité aksion moun-nan kòm moun dépann :  
– dé bagay li chouazi fè-a (objè-a) ;  
– dé finalité l-ap chèché-a, sètadi intansyon-an ;  
– dé sikonstans aksion-an.

Objè-a (bagay moun-nan chouazi fè-a), intansyon-an épi sikonstans-vo sé « sous », sètadi éléman fondamantal, moralité aksion moun-nan kòm moun.

1751 *Objè* yo chouazi-a sé yon byin koté volonté-a vlé rivé dapré désizyon-l. Sé koz matérièl aksion moun-nan kòm moun. *Objè* yo chouazi-a détèminé aksion volonté-a moralman, nan mézi rézon-an rékonèt li épi jijé-l

- 1794 konfòm oubyin pa konfòm ak vrè byin-an. Prinsip objéktif moralité-a déklaré lòd rasionèl byin-an ak mal-la, sa konsians-la témouagné-a.
- 1752 An fas objè-a, *intansion*-an gin plas-li sou bò sijè-a (moun-nan) k-ap aji-a. Intansion-an, poutèt li soti nan sous volontè aksion-an épi li 2520 détèminé-l palintèmediè finalité-a, sé yon éléman ésansièl nan kalifikasyon moral aksion-an. Finalité-a, sé premié limit intansion-an épi li indiké aboutisman aksion-an ap chèché rivé ladan-l nan. Intansion-an sé mouvman volonté-a nan diréksion finalité-a ; li konsidéré aboutisman aksion-an. Intansion-an sé byin yo mété dévan-an, sa yo espéré jouinn apati aksion yo kòmansé-a. Li pa la sèlman pou-l dirijé chak aksion, min 1731 li kapab orianté pliziè aksion nan yon sèl aboutisman ; li kapab dispozé tout lavi-a pou dènié finalité-a. Parégzanp, rann yon sèvis gin kòm finalité pou édé prochin-an, min li kapab pran inspirasyon, an minm tan, nan rinmin pou Bondié-a kòm dènié finalité tout aksion nou-yo. Yon minm aksion kapab pran inspirasyon nan pliziè intansion tou, tankou rann yon sèvis pou ka jouinn yon favè oubyin pou fè ouè apati sa.
- 1753 Yon bon intansion (parégzanp : édé prochin-an) pa fè yon konpòtman 2479 bon oubyin kòrèk si nan li-minm li dézòdoné (tankou manti ak médizans). Finalité-a pa jistifié mouayin-yo. Konsa yo pa kapab jistifié kondané yon 596 inosan kòm yon mouayin léjitim pou sovè pèp-la. Okontrè, yon mové intansion ki vîn ajouté (tankou chèché konsidèrasion, ‘vaine gloire’) fè yon aksion vîn mové minmsi nan li-minm li sé yon bon aksion (tankou fè lacharité) (cf. Mt 6, 2-4).
- 1754 *Sikonstans*-yo, ki gin konsékans-yo tou ladan yo, sé éléman ki vîn an 1735 dézièm nan aksion moral-la. Yo bay aksion moun-yo kòm moun yon bonté ak yon malis antan yo agravé-l oubyin diminué-l (parégzanp, kantité lajan yo vòlè-a). Yo kapab diminué oubyin ogmanté réponsabilité moun k-ap aji-a (tankou aji paské ou pè lanmò). Nan yo-minm, sikonstans-yo pa kapab chanjé kalité moral aksion-yo minm ; ni yo pa kapab fè yon aksion ki mové nan li-minm vîn bon oubyin kòrèk.

## II. Aksion ki bon épi aksion ki mové

- 1755 Aksion ki *bon moralman*-an présipozé an minm tan objè-a, finalité-a épi sikonstans-yo. Yon mové finalité détrui aksion-an, minmsi objè-l t-a bon nan li-minm (tankou priyé épi jeuné pou lèzòm kapab ouè sa).

*Objè yo chouazi-a* pou kont-li kapab fè tout yon konpòtman vîn pa bon. Gin konpòtman konkrè – tankou fònikasyon-an – ki toujou yon fot lè yo chouazi yo, paské chouazi yo, sa impliké yon dérègléman nan volonté-a, sètadi yon mal moral.

- 1756 Donk sé yon èrè pou jijé osijè moralité aksion moun-yo kòm moun antan sé intansion ki inspiré yo-a sèlman yo konsidéré oubyin sikonstans-

1789 yo (anvirònman-an, présion sosyal-la, kontrint oubyin nésésité pou aji-a) ki tankou éspas (sèn téat) koté y-ap fèt-la. Gin aksion ki nan yo-minm épi pou yo-minm toujou gravman inakséptab kèlkésoua sikonstans-yo oubyin intansion-yo poutèt objè-a minm ; tankou blasfèm ak fo-sèman, touyé moun épi adiltè. Yo pa doué fè yon mal pou yon byin ka sot nan li.

### RÉZIMÉ

- 1757 *Objè-a, intansion-an épi sikonstans-yo sé toua « sous » moralité aksion moun-yo kòm moun.*
- 1758 *Objè yo chouazi-a kalifé aksion volonté-a moralman nan mézi rézon-an rékonèt li épi jijé-l kòm byin ou mal.*
- 1759 *« Pa gin okinn mal ki jouinn éskiz poutèt yo fè-l ak bon intansion » (S. Thomas d’A., dec. præc. 6). Finalité-a pa jistifié mouayin-yo.*
- 1760 *Pou yon aksion bon moralman li présipozé bonté objè-a, finalité-a épi sikonstans-yo an minm tan.*
- 1761 *Gin konpòtman konkrè sé toujou yon éré pou chouazi yo, paské chouazi yo inpliké yon volonté ki dérégulé, sètadi yon mal moral. Yo pa doué fè yon mal pou yon byin ka sot nan li.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)